

Yon Mòn Chaje Istwa



Mount Rushmore onore kat prezidan espesyal. Non yo se George Washington, Thomas Jefferson, Abraham Lincoln ak Theodore Roosevelt.

Atis ki desine moniman: Gutzon Borglum---katreven lane pase

Atik sa se yon tèks ekspozitwa. Li bay enfòmasyon sou Mount Rushmore National Monument.

Gen plizyè milyon moun ki ale chak ane nan zòn Sid Dakota pou wè Mount Rushmore. Se yon bèl **espektak** anpil. Te gen kat san moun ki te travay, anviwon katòz zan, pou reyalizasyon **moniman** sa a. Moniman te koute prèske yon milyon dola pou yo te konstwi l. Gen figi kat prezidan Etazini ki **ekspoze** sou mòn nan. George Washington ki te gouvènen nouvèl nasyon an. Thomas Jefferson, ki te ede peyi a grandi. Abraham Lincoln kite aboli esklavaj. Theodore Roosevelt ki te konsève tè pou konstwi pak. Chak prezidan sa yo enpòtan anpil pou Etazini. Tèt yo parèt byen gwo anpil sou eskilti a. Figi yo mezire swasant pye, menm otè ak yon batiman sis etaj. Longè nen yo menm se ven pye. Ou ka rete byen lwen pou wè prezidan yo. Atis ki fè moniman an chwazi prezidan sa yo kòm senbòl grandè Etazini. Moniman genyen tou yon vilaj kote moun kapab aprann kilti Ameriken **Natifnatal** yo, kidonk Endyen yo. Ameriken natifnatal yo te viv nan zòn kote moniman ye a. Li enpòtan pou moun aprann kilti yo; se yon pati nan istwa peyi nou an.

Non _____ **Dat** _____

Istwa: Yon Mòn Chaje Istwa

Li/Reponn: Ki non 4 prezidan ki sou Mount Rushmore lan? Kisa ki fè yo chak enpòtan pou istwa peyi a?

Li/Reponn: Apa de kat prezidan yo, ki lòt enfòmasyon istorik ou ka jwenn nan Mount Rushmore?

Ki kalite teks: Kòman ou ka rive di tèks sa se yon tèks ekspozitwa)?

Kesyon Esansyèl: kisa Mount Rushmore Moniman Nasyonal eksplike osijè istwa Etazini?
